



Pou Piblikasyon Imedya: 27/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

Egzije Mezon retrèt ak etablisman swen pou adilt yo mete dòz siplemantè a disponib pou rezidan yo

Yo administre 58,597 dòz vaksen pandan 24 èdtan ki sot pase yo

67 ka lanmò COVID-19 nan tout eta a nan de dènye jou yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19.

"Ak emèjans varyan Omicron aletranje ak siy avètisman wos ka yo sezon ivè sa, bezwen pou pwosedi sekirite COVID debaz yo isit la nan New York pi enpòtan ke jamè," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Si ou t ap tann pou vaksinen, pa gen pi bon moman pou pran premye vaksen w lan. Si ou kalifye pou pran dòz siplemantè a, pran l pi bonè ke posib. Epi kòm toujou, asire ke ou swiv mezi sekirite debaz pandemi yo tankou mete yon mask epi lave men ou ak savon ak dlo."

Nan kad efò kontini pou ranfòse distribisyon dòz siplemantè a, Gouvènè Hochul ap egzije operatè ak administratè mezon retrèt ak etablisman swen sante Eta New York yo kounye a pou mete dòz siplemantè a disponib pou tout rezidan yo.

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

**Ogmante depi done yo te rapòte nan dat jedi 25 novanm lan.*

- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo** - 91,415
- **Total Pozitif** - 4,326
- **Pousantaj Pozitif** - 4.73%
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 3.95%
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital** - 2,696 (+113)*
- **Pasyan ki Fèk Entène** - 637*
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU)** - 513 (+4)*
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon** - 280 (+34)*
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 214,686 (+440)*
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS** - 67

- **Kantite ka lanmò total etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 46,412**

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

- **Total ka lanmò CDC a rapòte epi konpile - 59,069**

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt kote ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

- **Total dòz vaksen yo administre - 29,554,705**
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki sot pase yo - 58,597**
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo - 563,937**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen - 85.7%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo - 78.2%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 90.3%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 80.5%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 73.9%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo - 66.3%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 77.5%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 68.2%**

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa

| Rejyon | Mèkredi 24 novanm 2021 | Jedi 25 novanm 2021 | Vandredi 26 novanm 2021 |
|-----------------------|-------------------------------|----------------------------|--------------------------------|
| Capital Region | 58.38 | 57.05 | 51.37 |
| Central New York | 50.24 | 48.04 | 45.74 |
| Finger Lakes | 64.33 | 62.51 | 59.60 |
| Long Island | 35.02 | 33.90 | 31.21 |
| Mid-Hudson | 24.78 | 24.87 | 23.48 |
| Mohawk Valley | 65.03 | 62.61 | 59.34 |
| New York City | 17.10 | 16.79 | 16.01 |
| North Country | 59.36 | 56.02 | 53.53 |
| Southern Tier | 61.88 | 58.79 | 52.76 |
| Western New York | 77.45 | 75.58 | 72.51 |
| Nan tout Eta a | 34.94 | 34.02 | 32.00 |

Pousantaj rezilta tèz pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

| Rejyon | Mèkredi 24 novanm 2021 | Jedi 25 novanm 2021 | Vandredi 26 novanm 2021 |
|---------------------------|---|------------------------------------|--|
| Capital Region | 6.87% | 6.96% | 7.08% |
| Central New York | 6.34% | 6.46% | 6.90% |
| Finger Lakes | 8.56% | 8.85% | 9.41% |
| Long Island | 4.39% | 4.40% | 4.43% |
| Mid-Hudson | 3.08% | 3.14% | 3.30% |
| Mohawk Valley | 7.76% | 7.75% | 9.25% |
| New York City | 1.67% | 1.65% | 1.69% |
| North Country | 7.73% | 7.82% | 8.33% |
| Southern Tier | 5.13% | 4.99% | 5.39% |
| Western New York | 9.77% | 9.67% | 10.15% |
| Nan tout Eta a | 3.84% | 3.82% | 3.95% |

Pousantaj rezilta tèz pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

| Minisipalite nan NYC | Mèkredi 24 novanm 2021 | Jedi 25 novanm 2021 | Vandredi 26 novanm 2021 |
|---------------------------------|---|------------------------------------|--|
| Bronx | 1.64% | 1.65% | 1.60% |
| Kings | 1.59% | 1.55% | 1.60% |
| New York | 1.27% | 1.25% | 1.30% |
| Queens | 2.13% | 2.11% | 2.14% |
| Richmond | 2.54% | 2.58% | 2.74% |

Yè, te gen 4,326 Nouyòkè ki te teste pozitif pou COVID-19 nan Eta New York, sa ki fè kantite total konpile atravè HERDS la vin 2,684,853. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|--------------|----------------------|----------------------|
| Albany | 34,116 | 60 |
| Allegany | 5,917 | 21 |
| Broome | 27,982 | 38 |
| Cattaraugus | 9,879 | 55 |
| Cayuga | 9,639 | 21 |
| Chautauqua | 14,797 | 94 |
| Chemung | 12,726 | 35 |
| Chenango | 5,490 | 11 |
| Clinton | 7,980 | 27 |
| Columbia | 5,639 | 22 |
| Cortland | 6,047 | 7 |
| Delaware | 4,320 | 19 |
| Dutchess | 37,733 | 36 |
| Erie | 123,297 | 410 |
| Essex | 2,953 | 7 |
| Franklin | 5,335 | 44 |
| Fulton | 7,739 | 20 |
| Genesee | 8,541 | 46 |
| Greene | 4,891 | 14 |
| Hamilton | 510 | - |
| Herkimer | 8,180 | 15 |
| Jefferson | 11,202 | 79 |
| Lewis | 4,157 | 12 |
| Livingston | 7,114 | 35 |
| Madison | 7,259 | 13 |
| Monroe | 96,726 | 309 |
| Montgomery | 7,081 | 8 |
| Nassau | 224,617 | 238 |
| Niagara | 28,378 | 113 |
| NYC | 1,129,017 | 1,079 |
| Oneida | 32,856 | 88 |
| Onondaga | 58,942 | 147 |
| Ontario | 11,552 | 53 |
| Orange | 61,721 | 88 |
| Orleans | 5,414 | 24 |
| Oswego | 14,008 | 52 |
| Otsego | 5,301 | 23 |

| | | |
|--------------|---------|-----|
| Putnam | 13,074 | 19 |
| Rensselaer | 17,188 | 41 |
| Rockland | 55,272 | 71 |
| Saratoga | 24,261 | 81 |
| Schenectady | 19,154 | 23 |
| Schoharie | 2,637 | 14 |
| Schuyler | 1,914 | 14 |
| Seneca | 3,190 | 19 |
| St. Lawrence | 12,660 | 26 |
| Steuben | 12,315 | 47 |
| Suffolk | 253,486 | 274 |
| Sullivan | 9,464 | 21 |
| Tioga | 6,280 | 6 |
| Tompkins | 7,352 | 11 |
| Ulster | 18,908 | 43 |
| Warren | 7,165 | 34 |
| Washington | 6,562 | 39 |
| Wayne | 10,072 | 52 |
| Westchester | 147,642 | 93 |
| Wyoming | 5,229 | 30 |
| Yates | 1,972 | 5 |

Pandan de jou ki pase yo, genyen 67 Nouyòkè ki mouri akòz COVID-19, sa ki fè total la vin 46,412. Repatisyon jewografik la prezante konsa, dapre konte rezidans:

| Moun ki mouri yo dapre Konte rezidans | |
|--|-----------------------|
| Konte | Nouvo Lanmò yo |
| Albany | 2 |
| Allegany | 1 |
| Cattaraugus | 1 |
| Cayuga | 1 |
| Chautauqua | 2 |
| Clinton | 1 |
| Cortland | 1 |
| Dutchess | 1 |
| Erie | 10 |
| Fulton | 1 |
| Greene | 1 |
| Herkimer | 2 |
| Kings | 6 |
| Lewis | 1 |

| | |
|-------------|---|
| Livingston | 1 |
| Monroe | 2 |
| Montgomery | 3 |
| Nassau | 2 |
| Niagara | 3 |
| Oneida | 1 |
| Onondaga | 5 |
| Ontario | 1 |
| Queens | 4 |
| Richmond | 1 |
| Rockland | 1 |
| Saratoga | 1 |
| Schenectady | 1 |
| Steuben | 1 |
| Suffolk | 4 |
| Ulster | 2 |
| Warren | 2 |
| Washington | 1 |

Tout sit vaksinyasyon an mas Eta New York yo ouvri pou Nou yòkè yo ki elijib ki gen 12 zan ak plis pou vaksinyasyon san randevou sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan, ak 10 sit ki ouvè pou Nouyòkè yo ki gen laj 5 ane oswa plis. Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinyasyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman sante lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupre yo.

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [nouvo sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

Yè, 13,069 Nouyòkè resevwa premye dòz vaksen yo epi 7,121 pran tout seri vaksen yo a. Yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki vaksinen selon rejyon yo prezante konsa:

| Rejyon | Moun ki pran omwen yon dòz vaksen | | Moun ki pran tout seri vaksen yo | |
|------------------|-----------------------------------|--|----------------------------------|--|
| | Kimilatif Total | Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo | Kimilatif Total | Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo |
| Capital Region | 797,345 | 645 | 716,352 | 295 |
| Central New York | 614,527 | 451 | 560,899 | 151 |
| Finger Lakes | 812,344 | 565 | 740,389 | 319 |
| Long Island | 2,004,925 | 2,704 | 1,776,816 | 1,284 |
| Mid-Hudson | 1,559,440 | 2,164 | 1,362,625 | 821 |
| Mohawk Valley | 308,526 | 208 | 283,246 | 101 |
| New York City | 7,177,710 | 5,033 | 6,377,402 | 3,421 |
| North Country | 286,572 | 260 | 255,694 | 108 |
| Southern Tier | 413,872 | 240 | 375,315 | 109 |
| Western New York | 892,063 | 799 | 805,160 | 512 |
| Nan tout Eta a | 14,867,324 | 13,069 | 13,253,898 | 7,121 |

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflète mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a. Done ki soti nan NYSIIS ak CIR ke Depatman Sante Eta New York la rapòte gen ti diferans ak done ki rapòte sou plan federal la, sa ki gen ladan l dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

###